ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№34 (21.942) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Іэнатіэ зыбжанэ къыхохъуэ

Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар Башэрэ Хьэмид ЩІыхь тхыльыр ирет.

Мэрем кІуам зэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІушІэ. Ар иригъэкІуэкІащ хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и Унафэщі Чеченов Ануар. Депутатхэр хэпльащ Іуэхугъуэ зэмылІужьыгъуэу 26-м.

ЗэІущІэм щІидзэн и пэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и щІыхь тхыльхэр зыхуагъэфэща Башэрэ Хьэмидрэ Хьэщхьэужь Татьянэрэ яритыжащ Парламентым иУнафэщІ Чеченов Ануар.

АдэкІэ хэпльащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и инвестицэ Іуэхуэм теуХуа» законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа проектым. Абы кьыэригъэувымкІэ, экономикэм япэ игъэщыпхьэ Іэнатіэ зыбжанэ ХьэмыкІуэм хуеІщ. 2030 гъэ пщІондэ КъБР-м зэрызиужьыну щІыкІэр щыубзыхуа планым ипкъ иткІэ (ар республикэм и Правительствэм кьищтат 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м), апхуэдэу япэ игъэщыпхьэ Іэнатіэхэм ящыщщ курорт-рекреационнэ комплексыр. КьищынэмыщІауэ, инноваци эхэм а Іэнатіэхэм заужьын папщІэ къэрал политикэр зэрауБзыхуну щІыкІэр, нэгъуэщІхэри.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм зэхъуэжІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэжьныгъэхэмрэ хэлъхьэным» теуХуа законым и проектми депутатхэр хэпльащ, ятІэ, етІуанэ едэжгъуэхэр зэуІуящІри. Апхуэдэ щІыкІэкІэ ахэр федеральнэ законхэм езэгъ мэхъу. Абыхэм ящыщ зыхуэ Урысей Федерацэм и гражданину щытыкІэ кьыэрымыкІуэ хэхуахэм зи тІыгуэу ахьшэкІэ зэрыдэІэпыкъуну хэкІыпІэхэр, КъБР-мі, абы и муниципальнэ щІынальэхэми я гъэбелджэгъэ кьыхэкІыу, щытыкІэ кьыэзрымыкІуэм и Іэужьхэр гъэзэкІуэжьным мылъку зэрыхухах Іэмалхэр нэхъ тынш ещІ.

КъБР-м щІэныгъэ щеГъэгъэтыным ехьэлІа законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэзыльхьэ проектым зэрегъэзагъэ ди республикэм щІэныгъэ егъэГъуэтыным-кІэ кьыщагъэсэбэп программэхэм я Іуэхуэхэр, нэхъ ІыухыкІауэ, нэхъ зэхэгъэщхьэхукІауэ ахэр еубзыхури. Абы папщІэ щІэныгъэ езыгъэгъуэт Іуэхущіапіэхэм ящыщу зи статусэр зыльхуэжьын, лэжьыну хуит зыщІ щыхьэт тхьилъхэр нэхъІупщІу зэзыгъэпэщыжьын кьахэкІынущ.

Апхуэдэу хабзэгъэувхэр хэпльащ КъБР-м инвестицэкмкІэ надог кредит зэрыщат щІыкІэр Іэубзыхуэ, къэрал мылькур зехьэным-кІэ Іэмалхэр зэзыгъэзахуэ, республикэм и зэзыгъэкІуэ СудыщІэхэм теуХуа законэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьэ проектхэм. КьищынэмыщІауэ, депутатхэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм щІыналъэ зыбжанэм я хабзэгъэув гъэпсыкІэм кьыщыхалъхьа жэрдэмхэм.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм щыщхэр, кьалэт Іуэхугъуэхэр зэгъэщІылІа Іуэхущіапіэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэр.

ГЪУЩІО Зариф.

СурэтхэрІЭХЪУЭБЭЧ Хьэзрэіил трихащ.

Тыркум щыпсэу хэхэс адыгэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ

Дэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэр, хуабжьу дронэщхьеи ди адэжь льаэхэм щыщІ щІыналъэу Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыхьу щІэпхьаджагъэхэм (теракт хэм). Ди гур игъэуэу икІи хуабжьу дигъэпІейтейуэ дэ, кьытлъоІэс ди лъэпкъым щыщ цІыху нэхьыфІхэр, жьыи щІэи, хабзэхьуэкъэри лэжьакІуэ кьиэзэрыгуэкІэри, зыплъыкакІуэ-зыгъэпсэхуакІуэ щІыналъэм кьакІуэхэри, зэхэдз ямыІэу зэрыхэкІуадэм я хьыбар шынагъуэхэр. Абы кьыхэкІкІэ, дэ дахуогузавэ а щІэпхьаджэхэм зи Іыхьлы хэкІуэдахэм, я гум дагъахуэм и хьэлъагъыр зэрызэхэтщІыкІри яжьдоІэ.

Дэ сыт щыгъуи гупсэхуу дыкІэлъыплъыр Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыхьу зэхъуэкІыныгъэфхэм, дыщыгуфыкІыр щІыналъэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и нэІэм щІэту щІыпІэ промышленностымрэ туризмымрэ пыщІа Іэнатіэхэм зэрызаужьым. Ауэ экономикэм зэрызиІэтым кьрикІуэну дысыщыгугъа мамырыгъэмрэ зэпІэзэрыгъэныгъэмрэ я пІэкІэ нобэ ди нэгу щокІ Къэбэрдей-Балькъэрыр террорым зэрызэщІщтэр, абы папщІэ кьыхаха пІалъэми зыгуэркІэ гурыщІхьэхэр уегъэщІ. Гурыуэгъуэщ апхуэдэ кьэхъукъащІэ щІэпхьаджэхэр экономикэ зыужьныныгъэми, туризми, щІыналъэр мамыру щытыними, хэхэс адыгэхэм я адэжь льаэхэм ягъэззэжьыми хуабжьу зэран зэрызыхьыр.

Иужьрей ильэс 30-м кьриубыдэу дэри Тыркум щыдгъэунэхуащ террорым кьыхэкІ насыпиншагъэ куэд, иджыри пІалъэ-пІалъэкІэ апхуэдэ щІэпхьаджэхэр дызэрыс щІыпІэм кьыщохьу. Абы кьыхэкІыу, дэ ди нэгу кьыщІэдгъэхьэфынущ апхуэдэурэ екІуэкІмэ, республикэр зыхуэкІуэнкІэ хьуну щыхупІэ щынагъуэр. Ди кьуэш льаепІэхэ! Дэ псоми фІыуэ кьыдгурыІуэн хуейщ терроризмыр цІыхугъэм и гъунапкъэхэм кьызэримытІасэр, абы цІыху гъащІэр щафІэу кьызэрыримыдзэр, цІыхум и псэр бгъэныну зы динми, исльамри хэту, кьызэрыпхуимыдзэр.

Шэч хэлъкъым, терроризмым упэщІэтын щхьэкІэ шыІэныгъэрэ бэшэчагърэ уиІэн зэрыхуейм. Терроризмым зэребэн Іэмал закъуэу зэкІэ щыІэр - абы шыІэ хэдмыхьу дыдэзэхуэвэу дыпэщІэуэнэрщ. Гушхуэныгъэ тхэльрэ щхьэмыгъаззэу дызэрыщытым, кьэрал шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэхэмрэ я кьалэнхэр зэрагъэзащІэм Іэмал имыІэу щыгъун хуейщ цІыхубэмрэ властымрэ я зэхуаку дэлъ дзыхьыр. Кьэралыгъуэм и Іуэхур хэкІыпІэншэу хьэлъэ дыдэ зыщІынур цІыхухэм я дзыхьыр абы фІэкІуэдрэ, щхьэж зэрызэхъукІэ и шынагъуэншагъэм хуэсакъыжу, захуагъэм щІэбну щІадзэмэщ. Апхуэдэ дзыхьщІигъуэджэм хьэлэбэлыкъ мыухыжхэм, уеблэмэ граждан зауэм цІыхухэр хуишэнкІэ хьунущ. Ди жагъуэ зэрыхъущ, дэ апхуэдэ лъыгъакъэ Тыркум щыдгъэунэхуащ икІи уасэшхуэ абы щІэтащ. Фи деж, ди зэхуэдэ адэжь льаэхэм деж, апхуэдэ кьыщымыхьу щІыкІэ, дыщогугъ пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу кьэрал шынагъуэншагъэмкІэ Іэнатіэхэм апхуэдэ щІэпхьаджэхэр ябыдыу я унафэр ящІыну, щІыналъэм щыІэ щытыкІэмкІэ унафэр я Іэмыщі я ираль-хьэжьыну.

Нэхъыщхьэу дызэрыфхуэупсэр зыщ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал унафэщІхэр, жьлагъуэ зэгуэхьныгъэхэр, цІыхубэр зэкъуэувэу, щытыкІэр мыгувэу зэпІэзэрыт ящІыжьну. Абы кьыдэкІуэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхухэм фІэхъус гуапэ фІыдохьыж Тыркум щыпсэу адыгэ псомии кьэбгъэдэкІыу икІи дыфхуольаІуэ мамырыгъэр а щІыпІэм тепщэ щыхъужьну.

Кавказ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я федерацэ (KAF-FED)

Иджыри цІыхуитІ...

Дыгъуасэ Афганистаным НАТО-м и зауэлІу тІу кьыщыкІащ. ХэкІуэдахэр зыщыщ кьэралыр жаІэркъым.

2011 гъэм зэрыщІидзэр Афганистаним НАТО-м и зауэлІ 63-рэ щыхэкІуэдащ. 2009 гъэм абы кьыщыкІат сэтэтрэ офицеру 521-рэ. 2010 гъэм а бжьгъэр цІыху 700-м щІигъащ. Нэхьыбэу хэкІуэдэр США-м и зауэлІэрэщ.

Псори ззэхэту, Афганистаным щыІэщ НАТО-м и зауэлІ мини 150-рэ хуэдиз. Аэр ильэсипщІ хуэдиз хуауэ йозауэ «Талибан» зэщІэхьеныгъэмрэ правительствэм кьыпэщІэт Хекматиар Гульбеддин и дзэмрэ. АрщхьэкІэ, а зауэм нэхьыбэу хэкІуадэр мамыру псэу цІыхуэхэмрэ НАТО-м и зауэлІхэмрэщ.

Меларди 2,5-рэ

Урысей Федерацэм и вице-премьер Иванов Сергей дыгъуасэ зэрыжиІамкІэ, пхъабэ и дыгъэгъазэм ГЛОНАСС-м и спутникиш щыдгаутІыщыхьейм кьыэрыуам и зэранкІэ, ди къралым и бюджетым сом меларди 2,5-рэ фІэкІуэдащ.

А спутникищыр уэгум дэзыхьей «Протон-М» ракетэр 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м кьэуат, гъэсыныпхъэу итын хуейм нэхъыфІ нэхьыбэ зэрырагъэхьуам и зэранкІэ. Ахэр зытелъэтыкІар Байконур щыІэ космодромрат.

КъБР-м щыпсэухэм ящІэн папщІэ

2011 гъэм мазаем и 25-м, сыхьэт 19.55-хэм деж зэкІэ хэтми ямыубзыхуа цІыхухэр Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьапІэ унэм (Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 4), зэрыхуагъэфащэмкІэ, граждандзкІэ плІэнёйрэ еуащ. ХэкІуэда, фэбжь эытехуа щыІэкъым. Унэми дагъэшхуэ игъэтакъым. Мы ведомствэм и «Ленинград» саназорэм (Налшык къалэ, Балькъэрым и уэрам, 1) и пщІантІэм фочым щІагъэувэ гранатыдзым иралъхьэ «ВОГ-25» гранатэр кьэщІагъэуащ. Абыи хэкІуэда, уІэгъэ хьуа щыІэкъым.

Сыхьэт 20-хэм дэж зэкІэ хэтми ямыубзыхуа цІыхухэр автоматическэ Іэщзкіэ еуащ Пятигорск лъэныкъуэкІэ укъиКІыу Налшык укъащІыдыхьэкІэ «Кавказ» федеральнэ гъэзугум и 448-нэ километрым деж тет ГИБДД-м и «ЩхьэлыкъуэІ» постым. Абдеж, мыкъэлъэу уІэгъэ щыхьэуащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и гъэзугуплъыр Іэнатіэм и ротэ хэхам и инспекторыр.

А зэман дыдэм щІэпхъаджащІэхэр теуащ Налшык и ипщэ-къуэхьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ «Хьэсэней» гъэзугуплъыр постым. Абдеж зыри щыхэкІуэдакъым, уІэгъи щыхэуакъым.

УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм следствиемкІэ и Налшык къудамэм уголовнэ Іуэху кьыззэІуихащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 317, 222 статьяхэм кьыщыгъэльэгъуа щІэпхъаджагъэхэр зэралажьар зэхэгъэкІыным теухуауэ. Зыхуэфащэ хабзэхьуэмэ Іэнатіэхэм апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зыльэкІыжьхэр убзыхунымрэ ахэр къэлъыхъуэныкъэ хуэунэтІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щыІэ щытыкІэр иджыпсту КъБР-м и Оперативнэ штабым и нэІэм щІэтщ. Хабзэхьуэмэ органхэм я Іуэхущіапіэхэм теуа щІэпхъаджащІэхэр кьэлъыхъуэным икІи къэубыдыным хуэунэтІа Іуэху хэхаХэр зэфІагъэкІ.

ЦІыху зэхьыхэпІэу щыт щІыпІэхэм террорист щІэпхъаджагъэхэр щызэхащІыхьныкъмкІэ шынагъуэ зэрыщыІэм кьыхэкІыу КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм исхэр кьыхуреджэ сакъыу щытыну икІи хабзэхьумэ органхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну.

Шэч гуэр фэзэгъэщІу фызрихьэлІэ цІыхухэм, автомашинэхэм, хьэпшыпхэм ятеухуауэ мы телефонхэмкІэ хъыбар евгъащІэ хъунущ:

- КъБР-м и оперативнэ штабым - 48-15-10, 48-16-30, 48-15-48, 48-16-37 (факс);
- КъБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым - 42-70-52;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - 48-16-02, 48-15-81;
- «Налшык» гъущІ гуэгу станцым щыІэ ЛОВДт-м: 77-54-46;
- «Налшык» аэропортым щыІэ ЛОВДт-м - 91-19-46.

Зыр яукІащ, етІуанэр къалъыхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІ контртеррорист Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ, КъБР-м и хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм Шэджэм къалэм ВАЗ-2109 автомашинэр кьыщыщагъэувыІэм, абы иса щІэпхъаджащІэхэр кьахэуэу щІадзащ. А зэпэщІэувэныгъэм Іэщзкіэ зэщІуэзэда бандэ гупым ящыщ зыр щаукІащ, етІуанэр щІэпхъуэжащ. Ар зэраубыдыным яужь итщ икІи УВД-ОВД-МОВД-хэм я гъэзугу-плъыр постхэм хьыбар Іэрагъэхьащ.

Іуэхур зэхэзыгъэкІ гупыр щІыпІэм щолажьэ.

ЩІэпхъаджащІэхэм я автомашинэм гранатэхэр, щэхэр, апхуэдэуи тепх хьу «такси» дамыгъэ кьыщагъуэтащ.

ЯукІа бзаджащІэм и унэу ШэджэмЕтІуанэ кьуажэм дэтыр кьыщащыІм, кьыззрагъэсэбэпныным хуэхьэзыр кьагъуэ Іэмэпсымэ Іэрыщіу 2 кьагъуэтащ.

Хабзэхьумэхэм лей зытехьа яхэткъым.

КъБР-м и Оперативнэ штаб.

Нартыху жылэхэм я щытыкІэр

Нартыху жылапхъэхэм щеГэжьу ди республикэм ит калибровчэ заводхэм я лэжьакІэр иджырей мардэхэм тету зэрырагъэфэкІуэным нужь итщ. Абы Іэмал къаритынущ жылапхъэхэр зыхуей хуэзыу хьумэным гъатхэ ящІэнущ.

МЫБДЕЖЫМ кьэлъытапхъэщ жылапхъэ хэпльыхьауэ тонн мин 19-м нэс гъэ кІуам щІым кьытезыхьу ар зыхуей хуэзыгъэжа ди республикэр УФ-м и щІыналъэ куэд жылэмкІэ кьыззэзыгъэпщыфынуэм зэрыхабжар. Ди заводхэм щэч кьытрахъэркъым гъавэ щэным теухуауэ я Іуэхур зэрефІэкІуэным.

Мы зэманым жылапхъэфІэр щагъэкІ щІыхэм кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ. Ахэр нэхъыбэу ехьэлІащ нартыхум кьыхьыхэ узыфэхэм, абы зэран хуэхьу дзыгъуэ Іэужьыгъуэхэм ебэныным. Бжьыхьэм жылэр зыхаса гектар мин 300-м щІигъум хущхъуэ зэмылІужьыгъуэмкІэ елэжьыну хуэнсащ.

Абы кьызэтригъэувыІэнущ гъавэм кьыхьыхь узыфэу 40-м щІигъу.

Иджыпсту зрагъащІэ гъатхэсэм гагьапІэ нартыхуэ жылэхэм я щытыкІэр ныхуэ. Зи фІагъым щхьэ кьыграхьэ жылапхъэхэр щыщІэу емылІужьжьжэу хасэнукъым.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Мылъкукіэ къызэрагъэпэщ

Дзэлыкъуэ районым щыщу иужьрей илъэситІым къэралыр мылъкукІэ зыдэІэпыкъуэ лэжьапІэнщэ 532-м я бюджет-планхэр агъэзащІэ.

КУЕЙМ щыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыззэзыгъэпэщ и Іуэхущіапіэм кьызэрыщыджаІамкІэ, абыхэм я процент 91,5-м кьэкІыгъэхэр зэрахьэнущ, Іэщ зэрахуэнущ. Мэл, бжьэ, тхьэкІуэкІыхь, джэдкъаз зыгъэхьуну, Іэщізвыщіэ зыгъэшхэну, мэкъумэш зыщІэну зи мурад хьэрычэтыщІэ щІэзыдзагъащІэхэм сом мелуан 28-рэ мин 635-рэ ираташ. ЦІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэзыгъэпэщ центрым и субсидиехэм кьадэкІуэу, хьэрычэтыщІэ Іуэху щыкІымрэ курытымрэ зэрызаужьыным икІи зэрызыщІагъэкъуэнум теуХуа республикэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, нэгъэщІ кьэралдэпэкьуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэри кьагъэсэбэпыну абыхэм Іэмал яІэщ. Сом 58800-рэ зратам сом мини 100 хьу грантри хуагъэфэщэнкІэ хьунущ.

Зи Іуэху кьыдэхьыхьыну хуейхэм ядэІэпыкъуныкІэ программэм тету, мы гъэмэ лэжьапІэнщэу 100-м щІигъум Іэнатіэ иратыну я мурадщ.

ПІЩЫУНЭ Эммэ.

● Шэрэдж куей

Къабзагъэм и дамыгъэ

Жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэІуэпэщ щІыным, щхьэнтІагъэхэр гъэтІысыным теухуа мазитІ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтам икІи муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я деж нэгъабэ бжьыпІэр зэрыщІущІыдам кьызэкІыу, КъБР-м Щыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и министерствэм и Щыхь тхылъыр Шэрэдж куейм хуагъэфащащ.

РАЙОНЫМ и предприятэхэм, организацэхэм, Іуэхущіапіэхэмрэ еджапІэхэмрэ илъэс кІуам кьэрыбыдэу жылагъуэхэм я щІапІэу гектар 300-м нэблагъэ, псыхъэурэ пстыкІыпІэу километр 48-рэ ягъэхъэбзащ, пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщіу 70-м щІигъу я гъэсеящ. Шэрэдж ДРСУ-м и лэжьакІуэхэм Аруан-Уштулу федеральнэ гъэугъуэм я Іуфэхэр щІэх-щІэхыпрэ зэлъыуахащ. Жылагъуэ псоми я фэеплъ щІыпІэхэр зыхуей хуагъэзащ, жыгыщІэрэ чыцэу 270-рэ хасащ. Еджакіуэхэмрэ цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэзыгъэпэщ центрым зыщІезыгъэтха лэжьапІэнщэхэмрэ зэІуэпэщ Іуэхуэхэм жыджэру хэтащ.

Куейм экологие щытыкІэр щрагъэфІакІуэн мурадкІэ, сырьем щІэрыщІэу щелэжьыж пункт 2009 гъэм кьызэІуахащ, абы папщІэ зыхуей Іэмэпсымэхэр кьащэхуащ. Сырьер кьеІыхьэхэм тхылъыпІэжь килограммым - кІэпІейикІэ 50, абджжэкІэхэми - апхуэдизэ, пластмасс, полиэтиленымрэ сом тІырытІ хуэщІагъэм. Пунктыр кьызэрызэІуах льэндэрэ тхылъыпІэжьыр килограмм 27602-рэ, абджжэкІыу - 11809-рэ, пластикым кьыхэщІыкІам хуэдэу килограмм 4000 ягъэхъэзэращ. Жылагъуэхэм пхъэнкІийр пІалъэ пыуэхыкІам тету щыдащ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ

Іэнатіэ зыбжанэ къыхохъуэ

Иджыри цІыхуитІ...

Хэт зыщэр?

Меларди 2,5-рэ

Нэхъ ткІийуэ бгъэдыхьэн

Мелуан 440-рэ текІуэдэнущ

Сабийхэм хуащІ тыгъэ

Лъэпкъ Іуэщігъэ:

Дзыгъунбгъу зэдеІэмэ, кхъуей кІадащхьэ трач.

Нартыху жылэхэм я щытыкІэр

ИрагъэкІуэкІ

ИрагъэкІуэкІ

ИрагъэкІуэкІ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм къулыкъухэр щызыгъэззэщІа цІыхухэм я къэрал пенсэм хущІагъум и Іэухыкі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1997 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдигъэкІа Указ №35-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм къулыкъухэр щызыгъэззэщІа цІыхухэм я къэрал пенсэм хущІагъум и Іэухыкі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1997 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдигъэкІа Указ №35-м мы кьыкІэпльыкІу зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 2-м и етІуанэ абзацыр мы кьыкІэпльыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«ИщъхьэкІэ кьыщыгъэлъэгуа цІыхухэм я къэрал пенсэхэм езыхэм къатха лъэпхэм ящхьэ ятІкІэ мазэ кьэс хущІагъу ахъшэр хуагъэув «Урысей Федерацэм и цІыхухэр къэрал пенсэкІэ кьызэрэпэщыным и Іэухыкі» 2001 гъэм дыгъуасэм и 15-м кьыдагъэкІа Федеральнэ закон №166-ФЗ-м и 18 статьям и пункт 1-м и пункт кьэуцдэз 1-м кьызэрыщІагъэуам хуэдэу, пенсэм хущІагъу ахъшэр щагъэувэ махуэм ирихьэлІэу яту щІэупІагьэ пенсэм и инагъым пэлъытаугъэ икІи гуэдзэн №92-м тету";

б) пункт 4-р мы кьыкІэпльыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«4. Списким кьыщыгъэлъэгуа кьулыкъухэр зыбыгъэхэм я къэрал пенсэм мазэ кьэс хущІагъу зыхуэдизыр федеральнэ законодательствэм кьызэрыщыгъэлъэгуам тету кьабжьык социальнэ пенсэм щыхагъэхъуам деж.»;

в) гуэдзэн №2-р мы кьэкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1997 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдигъэкІа Указ №35-м (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм шышхьэІум и 27-м кьыдигъэкІа Указ №88-УП-м хилъхьажа зэхъуэкІыныгъэхэм тету) и гуэдзэн №2

«КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм къулыкъухэр щызыгъэззэщІа цІыхухэм я къэрал пенсэхэм мазэ кьэс хущІагъу зыхуэдизыр

Къулыкъум зэреджэр	Мазэ кьэс хущІагъур* (социальнэ пенсэм хуэдэу)
КъБАССР-м, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ1ым КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщ1ым КъБР-м и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщ1ым) КПСС-м и областной (республикэ) комитетым и япэ секретарым**	5
КъБССР-м, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и къуэдзэм КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Секретарым КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщ1ым, КъБР-м и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщ1ым) и къуэдзэм) КПСС-м и областной (республикэ) комитетым и етІуанэ секретарым**	4
КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщ1ым, КъБР-м и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщ1ым) и япэ къуэдзэм) КПСС-м и областной комитетым и секретарым**	3,5
Министрым, къэрал комитетым и унафэщ1ым, КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и Министрхэм я Советым (Министрхэм я Кабинетым), Правительствэм хиубыдэу щыта адрей къэрал органхэм я унафэщ1хэм КъАССР-м, КъБАССР-м ЦІыхубз кІэльыпльыныгъэмкІэ и комитетым и Унафэщ1ым КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м и Министрхэм я Советым и Іэухэхэмкі управленэм и унафэщ1ым КПСС-м и областной комитетым и отделым и унафэщ1ым**	3

** КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ и органхэм илъэсищым щІигъукІэ щылэжьахэм мазэ кьэс хущІагъур зыхуэдизыр. А къулыкъухэм зы илъэсым щегъэжьагъэ илъэсищым нэскІэ щылэжьахэм хущІагъур зы социальнэ пенсэкІэ, зы илъэс иримыкъкІэ щылэжьахэм хущІагъур социальнэ пенсэу тІыкІэ нэхъ мащІэщ*

*** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1998 гъэм гъатхэпэм и 31-м кьыдигъэкІа Указ №119-м ипкъ иткІэ, мазэ кьэс пенсэм зыхущІагъу цІыхухэм папщІэ.».*

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэзэн:

мы Указым зэритым хуэдэу, къэрал пенсэм мазэ кьэс хущІагъу ахъшэр 2010 гъэм фокІадзэм и 1-м кьыщегъэжьауэ кьибжьыжыну;

мы Указыр гъэззэщІыным текІуэдэну ахъшэр кьиутІыпщыну.

3. Мы Указым кьару егъуэт 2010 гъэм фокІадзэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шышхьэІум и 27-м
№88-УП

КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэ Мэрем Мухьэмэд и отчетым кьызэрыхигъэщамкІэ, псори зэхэту пщащ1э-правовой акту 11 (3-р 2010 гъэм) ягъэхьэзырри, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къащтащ, абыхэмкІэ нэхъапэрейхэм ящыщу 7-м зэхъуэкІыныгъэхэр кьалъхьащ, 2009 - 2018 гъэхэм ятещІыкъа Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэзымкі и планымрэ мэзыльхэр зезыхьэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм я регламентхэмрэ тету, аукцион зэІухахэм кьаригкІуам ипкъ иткІэ, мэзхэр зыхуэмэнуэкъым, зэфІэзыгъуэрзыжыгъэм, пхъэ хэзыхьу зыщэнуэм сом мелуани 5,5-р я уасэ зэгурыІуэныгъэу 9 иращ1ылІащ.

- Нэгъабэ мэз фондым щыщу гектар 80-м жыгыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхэтсащ, а Іуэхум щІыуэ апхэдизэ хуэдгъэхьэзыращ. Къищынэмыщ1ауэ, гектар 1886-м я щыткІэм дакІэльыпІлащ, 32-р щІэуэ кьаХэдгъэхьэуащ. Жыгыщ1эхэм зыщІэзмыгъэужь щІыпІэхэм ящыщу гектар 206,5-р дгъэкъэбзащ, гектар 46-р щызэкъуэтчэ Іыхьэхэм пхъэуэ кубометр 1585-р щыдгъэхьэзыращ, - жиІащ къэсэлъам. - Зэфіагъэкіа пэжжыгъэхэр зыхуэздамрэ я фІагъымрэ дгъэбелджьынымрэ папщІэ, мэз къэкІыгъэхэр инвентаризацэ тщІащ. Уэгъу кІыхьым и зэран зэкІуэу гектар 58-р мэзыльхэхэм хэдгъэкІащ; Бахьсэн мэз хозяйствэм ейуэ гектар 15, Лоскъным - 8, Шэджэмым - 28-рэ, Тэрчым - 2, Налшыкым - гектари 5,2-рэ.

Мэрем Мухьэмэд кьызэригъэльэгъуамкІэ, жыгхэр, къэкІыгъэхэр зыщІэзмыгъэхьэпІащІэхэм ящыхьумэным теухуауэ яубзыхуаэр зэфІагъэкІащ. Абы папщІэ гектар мин 12,5-м я щыткІэр къащтащ. Пхъэр кьыщыхахьыгъэ, гектар 340-рэ ягъэхьэзащ.

- Мэз фондым щыщу гектар мини 194,7-м пхъащхьэр зэрыщыхахьым, зэрыщащэм, зэрыхаашм ди Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэр кІэлъоплъ. А кьалэнэр щыху 89-м ягъэзащІэ. 2010 гъэм къэпщытэныгъэрэ кІэлъыплъныгъэу щІэтхэр кІэлъоплъ. А кьалэнэр щыху 89-м ягъэзащІэ. 2010 гъэм къэпщытэныгъэрэ кІэлъыплъныгъэу щІэтхэр кІэлъоплъ. А кьалэнэр щыху 138-р едгъэкІуэкІати, апхэдизрэ хабзэр кьызэпаудауэ къэтхутащ. Ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын папщІэ, тхылъу 43-р яхуэттхащ, административнэ къуанщагъэ зыльэжьаХэм яхуэтхэзауэ протоколу 95-р дгъэхьэзыращ, зэранщІакІуэу 94-р жэуапым етІэнІащ, сом мин 83,7-кІэ детхьэкъуащ. Къищынэмыщ1ауэ, щхьэзыфІэфІхэм сом мелуани 2,5-р едгъэшынын щхьэкІэ, республикэм и хабзэхьумэ Іэнатіэхэм Іуэху 7 еттащ, - кьыхигъэщащ къэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэм. - Мэзымкі я законодательствэм кьызэригъэувам тету едгъэкІуэкІа аукционхэм япкъ иткІэ, гектар 1417-м щІигъу зыубыд, мэз Іыхьэу 119-рэ зэгурыІуэныгъэ зыхудилэхэм бдджэнду еттащ. Абыхэм ящыщу гектар 56,83-м зыгъэпсэхупІэхэр щаухэнущ, 455,4-м мэкъумэш къэкІыгъэхэр щагъэкІынущ, 94,8-м мэз шхынигъуэхэмрэ уда хущхъуэхэмрэ щагъэхьэзырынущ, 721,4-м щІэнигъэкъутэнигъэ, хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ, гектар 81,3-м мэз плантацэхэр щыхэрахьэнущ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри зэфІагъэкІынущ. ЗэгурыІуэныгъэхэм ящыщу 109-р къэралым ирагъэтхащ, мэзхэр зэрызрахьэнымрэ теухуа проект 48-рэ къащтащ, адрей 15-м иджыпсту хоплъэ. Мэзхэр кьызэрагъэсэбэным кьыпэкІуэу сом мелуан 1,7-рэ нэгъабэ федеральнэ бюджетым хэтхъащ, АР къыгъэщытам процент 32,8-кІэ щІегъу.

«2010 гъэм КъБР-м и мэзхэр мафІэсхэм зэрыщ1ахьэмэуам и Іуэхуко» нэгъабэ каазаем и 25-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэм щыубзыхуахэм ткІиИуэ тету, щыпІэ псоми а лэжьыгъэр щагъэкІуэкІащ.

Мафіэсхэр къызэрахутэ Іэмалым хуэкІуауэ, абыкІэ щыпІэхэр зэпымыууэ къапщІэ.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм ящІыгъуу щытыкІэм щыкІэльпІлъ пІалъэкІэ щыІэну мардэхэмрэ ятеухауауэ щхьэпэхэри зэфІэдгъэкІащ.

Мэрем Мухьэмэд кьызэригъэльэгъуамкІэ, нэгъабэ мэз лъапэхэм гектар 1953-м мафІэс 19 кьыщыхъуати, зрамыгъэубгъуу псори псынщІэу ягъэункІыфІащ. Іуэху мыщхьэпэхэм щыхэкІащ мэкъумэш щІапІэхэм лыгъэ зэрарадзам, тхьэмпэхэр, кІэрыхьбжьэрыхухэмрэ пхъэнкІиймрэ зэрагъэсам. Илъэс кІуам езы мэзхэм мафІэс кьыщагъэхьакъым.

Иужькіэ зи нэхъыжь Іэнатіэхэм я Іуэхухэр зыхуэдэр зэпкърахьу зэхьыхьэм къыщыпсэльащ Бахьсэн, Май, Шэрэдж мэз хозяйствэхэм я унафэщ1хэу Казумов Садыхь, Кислицин Александр, Мокаев Даниял сыма.

ЗэІущІэм кьрикІуар щызэхилъхьэжьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и Іэтащхьэ Мэшыкъуэ Хьэсэнэй кьыкигъэщащ мэзхэм я кьулеягъэр хуэмэным, гъэбзагъэным, зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпным, мафІэсхэм яхуэсакъыным хуэунэтІауэ дяпэкІи кьалэнэшхъуэ кьаззрыпэщІыпІ.

- 2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и мэзхэр мафІэсхэм зэрыщ1ахьэмэнр», «2011 - 2020 гъэхэм КъБР-м и мэз хозяйствэм зэрызэиужьынр» республикэ программэ хэхахэр дгъэхьэзырын икІи кьеДгъэщтэн хуейш. Федеральнэ бюджетым щыщ субвенцэу сом мелуан 47,2-р, республикэм ейуэ сом мелуани 5 мы илъэсым тхухахынущи, ахэри, нэгъуэщІ мылъкухэри фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэным кІиІауэ дыкІэльыпльынущ, - къигъэльэгъуащ абы. Къэрал комитетым и тхьэмадзэм и Іуэхущ1апІэм хьихьэ Іэнатіэхэм я лыкІуэхэм пщэрыльІ ящищІащ мы гъэм кьыхалъхьа Мэзхэм я дунейпсо илъэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз лэжьакІуэхэм я зи чэзу 4-нэ съездымрэ хуэфащэу зыхуагъэхьэзырынущ.

ЗэІущІэм хэтащ къэрал комитетым и коллегием щыщ- зи, и кьудамэхэм ягъэзащІэ я мэз хозяйствэхэмрэ я унафэщ1хэр, ирагъэблагъэ Іэщ1агъэлІхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Шэджэм РОВД-м и унафэщІ Бэджыдэ Юрэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі министру КъБР-м щыІэ милицэм и полковник Васильев Сергей Шэджэм кьалэм зэІущІэ щрирагъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Шэджэм куеИмкІэ ОВД-м и унафэщІу Бэджыдэ Юрэ зэрагъэувам. Министрым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ милицэм и полковник Бэджыдэр 2003 - 2005 гъэхэм а кьулыкъум зэрыпэрытам, дзыхь хуащІа гупыр фІыуэ зэрищІыхум.

ШэДЖЭМ куейм щытыкІэр гуГуу кьызэрыщІынжьыр зэІущІэм къыщыхагъэщащ. Районым администрацэм и Іэтащхьэр, Шэджэм кьалэ ДПС-м и лэжьакІуитху, этнограф щэрыІуэр, Щхьэлыкъуэ кьуажэм и участкоВэ инспекторыр зэрауІам, нэгъуэщІ щхьэхьэджагъэ хьэлъэхэм жыпІэрэ, криминоген щытыкІэр гугъу ищІащ. Ахэр зыІэжьакъэмрэ абыхэм ягьыщІакъэмрэ ягьубыныр, жэуапым ирашэлІэныр яГэ игъэщІэпхъэ кьалэну министрым игъэуващ.

ЛъэжьакІуэр зэрахуримыкъум кьыхэжьІыу адрей щылнальхэм щыщхэр кьрагъэблагъэну кьызэрыкальхъам Валильев Сергей гу лъапэрытащ. «Аущ щыщІыгъупщэн хуейкъым, нэхьыфІкъэ кьызэрамрагъэжьІуэнкІэ. Дэри дыхуейкъым щхьэхьэнэхэмрэ пІалъэкІэ лэжьэнухэмрэ, псом хуэмыдэу иджырей щытыкІэгуГуу», - жиІащ абы.

Министрым кьыхигъэщащ КъБР-м щыпсэухэм ящыщхэр къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі Іэнатіэм кърагъэблагъэхэн, я Іэщ1агъэм и мыхьэнэр ирагъэфІэкІуэн, цІыхухэмрэ хабзэхьумэ къарухэмрэ я зэпыщІэныгъэр игъэльэпщын я лъэныкъуэкІэ куэд кьаззэрыпэщыІыпр.

* * *



Бэджыдэ Юрэ Мушариф и къуэр 1966 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Налшык кьалэ кьыщалъхуащ. 1987 гъэм СССР-м и ВМД-м и политикэ едкІэпІэ нэхъыщІхьэр, 1988 гъэм Урысей ВМД-м и Ростов юридическэ институтыр кьиуащ.

1987 - 1991 гъэхэм СССР-м и ВМД-м я 290-нэ мотострелковэ полкым кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щрихьэкІащ. 1991 - 2007 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м кьалэн щигъэзэщІащ. ОМОН-м и командирым и къуэдзэ у, Налшык кьалэмкІэ ведомствэм щІэмыт хьумакІуэ Іуэхущ1апІэм и кьудамэм, ГИБДД-м и СП-м, Шэджэм районым ОВД-м я Іэтащхьэу, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщ1ым и къуэдзэу лэжьащ.

2007 - 2008 гъэхэм Волгоград областым щыІэ ГУВД-м и УГИБДД-м и унафэщ1ым и къуэдзэу щытащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м Къэралым кьыхьыжьауэ щыпсэухэм щІэпсэльэнымкІэ и центрым и Іэтащхьэу 2008 гъэм щышІэдзауэ 2009-м нэсыху щытащ. Юридическэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Терроризм пэщІэтынымкІэ хабзэ щытыкІэр зэрагъэувым, ар щызекІуэну щІыпІэмрэ пІалъэкІэ щыІэну мардэхэмрэ ятеухауауэ

«Терроризм пэщІэтынымкІэ Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ зак он №35-ФЗ-м и 11, 12 статьяхэм япкъ иткІэ икІи щыкъуэкІыгъэмкІэ хьуну, жылагъуэр зыгъэгушхэвэну диверсие, террор Іуэхуэхэр къэмыгъэхьун, республикэм и щыналъэм щалэжьа террористхэр щІэпхьаджагъэхэм хэтауэ гурыщхьэу зыхуащІ щыхуу хабзэм кьызэрыкІуэ Іэщ1кІэ зызэщІэзыуэзда гупхэм ящыщхэр кьальыхъуэн мурадкІэ, Урысейм Шынагъ уэнагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщ1, КъБР-м и оперативнэ штабым и Іэтащхьэ полковник Кменный С.Л. унафэ ищІащ Налшык кьалэм щыщу ЕтІу анэ Таманскэ дивизэм и уэрамым, Щоджэным и уэрамым, Профсоюзэм э зрагъэІу уэрамым, Терешковэм и уэрамым, Студенческэ уэрамым, Фестивальнэ уэрамдыхьэм я къуэхьэм (Вольнэ Аул хьэлІэ жыхуаІэм) кьырубыдэ щыпсэм, Налшык кьалэм окружэм хьжыгагъуэхэу Хьэсэней, Белэ Речкэ, Кэнжэ, Шэджэм районым и жылагъуэхэу Шэджэм, Іэ дзиху, Щхьэлыкъуэ, Каменкэ, Яныкьуей, Лашынкей, Шэрэдж районым щыщ Джэрпэджэджэ жылагъэм 2011 гъэм мазаем и 27-м сыхьэтм 9.00-м щІэгъэжьауэ террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр зэфІагъэбыху терроризм пэщІэтынымкІэ хабзэ щытыкІэр щыгъэнэсу.

Терроризм пэщІэтынымкІэ хабзэ щытыкІэр щагъэува щІыпІэм мы кьыкІэлыкІуэ Іуэху хэхаХэмрэ пІалъэкІэ зекІуэ мардэхэмрэ кьыщагъэсэбэп хьунущ:

- цІыхур зищІысым щыхьэт техьэу документхэр кьапщІ, апхэдэу документхэр зымыщІысхэр зищІысыр зэхагъэкІын папщІэ Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі и органхэм (зыІуэфащэ адрей органхэм) ирашалІэ хьунущ;

- цІыхух эр, транспортыр щІыпІэ щыхьэжьэмрэ Іу зхущІапІэхэмрэ кьрагъэкІуэ хьунущ;

- жылагъуэ хабзэр, псэуныгъэм пыщІа Іуэхущ1апІэхэр зэрахъуэмрэ, транспортым и лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэпэщыр яГэяткІий хьунущ;

- телефонкІэ зэрызэпсэлъам, теллекомуникацІэм и каналхэмкІэ хьыбар зэрызэрагъакІуэм кІэлъыплъ, электросвязьм и каналхэмрэ пощткІэ ягъэхьхэмрэ кьапщІэ-тэ хьунущ терроризм щІэпхьаджагъэхэр зэралэжьа щыкІэм, ахэр зыгъэхьэзырахэмрэ зылэжьаХэмрэ кьыщІагъэщын, терроризм щІэпхьаджагъэхэр кьамыгъэхуэн папщІэ;

- зи мылькуу щытым емыльытауэ, Іуэхущ1апІэхэм я транспортыр, хэхауэ щыхьэныкъуэм деж - цІыху щхьэхуэхэм ейхэр кьагъэсэбэп хьунущ икІэщІыпІэкІэ медицинэ дзэзыпхьыгъэхьэхуэхэр зыхуафащэ Іуэхущ1апІэхэм ирашэлІэн, терроризм щІэпхьаджагъэ зэхащІыкьауэ папщІэ, апхэдэ лэжьыгъэхэр щыкьубыдэн папщІэ, апхэдэ лэжьыгъэхэр щыкІуэ Урысейм Шынагъэуэнагъэмкі и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщ1-КъБР-м и оперативнэ штабым и Іэтащхьэ полковник Кменный С.Л.

Экстремистхэм яхь жэуапыр

Экстремизмым хиубыдэ Іуэхуэгъуэхэм ящІыщІ лъагъуныкъуныгъэр, ксенофобиер, национализмыр, фашизмыр, Урысейм и тхьцэ зыщужькІэм и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэпкъ, дин куэдкІэ щыщІэр кьимыдзэныр. Экстремизмым жылагъуэмрэ кьэралымрэ шынагъуэ кьатрегъэхьэ, цІыхум и хуитыныгъэхэр кьызэпеуд, кьэралым и демократиэм хабзэхэр кьегъэтасхэ. Абы кьыкІэжьІу терроризмым пэщІэтынымкІэ Урысей Федерацэм и лъэпкъ шынагъуэнагъэр кьызэгъэпэщымкІэ унэтІынигъэ нэхъыщхьэ дыдэм.

«Экстремизм Іу зэрыгъэІуэм и Федеральнэ закон №114-ФЗ-м и 1 статьям кьызэрыщІэлъэгъуамкІэ, экстремизмыр:

- Урысейм Федерацэм и конституцІэ лабжьэр залымыгъэкІэ зэхъуэкІынырыр, къэралым и щыналъэр зэкъуэдыныр;

- терроризмыр, кьинэмыщІ террорист Іуэхуэхэр утыкум щыгъэзэхэхуэнырыр;

- социальнэ, расэ, лъэпкъ, дин зэгурымыІуэныгъэр зэщІэгъэпІлъэныр;

- цІыхур зыхьихьэ социальнэ гупым, расэм, лъэпкъым, динкІэ е бзэкІэ зыщІыщІ, диным зэрыхущІытыр щыгъэзэхэныр, адрейхэм егъэфІэкІынырыр е зэфІэкІ зэрыбгъэдэмыльтыр гъэІуныр;

- цІыхур, гражданиныр зыхьихьэ социальнэ гупым, расэм, лъэпкъым, динкІэ е бзэкІэ зыщІыщІ, диным зэрыхущІытыр тещІыхьауэ абы и хуитыныгъэр, щхьэхуитныгъэр, законкІэ и сэбэп зыхэлъхэр кьызэпыдыныр;

- цІыхухэм хэхьыныгъэхэмкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитныгъэмрэ залымыгъэкІэ е апхэдэ залымыгъэ кІэлъыплъэрахьэну яГэшынэуэр кьызэпыдыныр, Іэ зэрагъэшІэжьар щыкІэр хэІущІу щыщІыкІэ зэрыщІэну ягъэшынэуэр, къэралым органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэу органхэм, хэхакІуэ комиссэхэм, жылагъуэ, ерыскьыкІэ кьызэрэгъэпэщымкІэ, хьэпшІэ зэрыщІэнымкІэ, нэгъабэ мэз лъапэхэм гектар 1953-м мафІэс 19 кьыщыхъуати, зрамыгъэубгъуу псори псынщІэу яГэункІыфІащ. Іуэху мыщхьэпэхэр щыхэкІащ мэкъумэш щІапІэхэм лыгъэ зэрарадзам, тхьэмпэхэр, кІэрыхьбжьэрыхухэмрэ пхъэнкІиймрэ зэрагъэсам. Илъэс кІуам езы мэзхэм мафІэс кьыщагъэхьакъым.

Иужькіэ зи нэхъыжь Іэнатіэхэм я Іуэхухэр зыхуэдэр зэпкърахьу зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ Бахьсэн, Май, Шэрэдж мэз хозяйствэхэм я унафэщ1хэу Казумов Садыхь, Кислицин Александр, Мокаев Даниял сыма.

ЗэІущІэм кьрикІуар щызэхилъхьэжьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и Іэтащхьэ Мэшыкъуэ Хьэсэнэй кьыкигъэщащ мэзхэм я кьулеягъэр хуэмэным, гъэбзагъэным, зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпным, мафІэсхэм яхуэсакъыным хуэунэтІауэ дяпэкІи кьалэнэшхъуэ кьаззрыпэщІыпІ.

- 2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и мэзхэр мафІэсхэм зэрыщ1ахьэмэнр, «2011 - 2020 гъэхэм КъБР-м и мэз хозяйствэм зэрызэиужьынр» республикэ программэ хэхахэр дгъэхьэзырын икІи кьеДгъэщтэн хуейш. Федеральнэ бюджетым щыщ субвенцэу сом мелуан 47,2-р, республикэм ейуэ сом мелуани 5 мы илъэсым тхухахынущи, ахэри, нэгъуэщІ мылъкухэри фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэным кІиІауэ дыкІэльыплъынущ, - къигъэльэгъуащ абы. Къэрал комитетым и тхьэмадзэм и Іуэхущ1апІэм хьихьэ Іэнатіэхэм я лыкІуэхэм пщэрыльІ ящищІащ мы гъэм кьыхалъхьа Мэзхэм я дунейпсо илъэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз лэжьакІуэхэм я зи чэзу 4-нэ съездымрэ хуэфащэу зыхуагъэхьэзырынущ.

ЗэІущІэм хэтащ къэрал комитетым и коллегием щыщ- зи, и кьудамэхэм ягъэзащІэ я мэз хозяйствэхэмрэ я унафэщ1хэр, ирагъэблагъэ Іэщ1агъэлІхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Гу зылъытапхъэхэр ягъэбелджылы

● Шынагъуэншагъэ

Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэ хьыщхьэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ республикэм и зыгъэлІэныкъуэ комиссэм 2010 гъэм и лэжьыгъэм кьыриІуахэм щыхэпльэжа, дызыхьыха 2011 ильэсым кьапэщІэт кьалэныщІэхэр щаубзыхуа зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ, зыгъэлІэныкъуэ комиссэм и унафэщІ Уянаев Казым.

КъБР-м и кьалэ, муниципальнэ куейхэм щыІэ комиссэхэм зэрагъэлІэныкъуэ планхэр зэрыщэхагъэувам, щыІуэпс, техноген щытыкІэ кьызэрымыкІуэ кьэхъуэ хьужькьуэмэ, щыхуэкор зрашэ лІэну, зыщІагъэззэгъэну щыІэпхъэ зэраубзыхуам кьызэхэхэр щыгъуазэ ищІащ республикэм комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Усков Сергей**. Къэбгъэ лъагъуэмэ, КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм Мылъку, щэнхабзэ лъапІэнигъэхэр кьыхэхьныжьІэ и эксперт комиссэм хуей хьумэ, апхэдэ лъапІэныгъэхэр Налшык кьалэ зэрыдагъэІэпэхьуклыну план зэхэнгъэващ икІи утыку кьрихьащ.

Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, Кьыщэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ Іэнатіэм, ЛПСС-м я Іуэхуэхэмкі Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым уэсукъуэхэм гугъуехьхэр кьрикІуэ хьужькьуэмэ, цІыхухэр, щыпІэр абы щІыхьэмкІэ кьызэгъэпэщыным теухуа едгъэнэгъэ-гъэсэныгъэхэр дыдэрэ щытмэ ягурыкІуэныгъэ. Гражданин зыхьхуэмэжьныгъэм, щытыкІэ кьызэрымыкІуэм цІыхухэмрэ щІыпІэмрэ щыхьумэныр, мафІэс шынагъуэншагъэхэр кьыщІэзэгъэпэщыным я лъэныкъуэкІэ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм и лэжьыгъэр жэпуэгъуэм кьипщІытэнущ.

Апхэдэдэуи егъэджэныгъэхэр щрагъэкІуэнынущ Бахьсэн, Май, Тэрч, Іуащхьэмахуэ куейхэм. Щэрэдж, Дзэлыкъуэ куейхэм зэкъуэт зыхь и секретарь яІэнатІэ.

Налшык кьалэм яГэпэхьуэ Іуэхугъуэхэр кьыщыІэзэгъэпэщыныр зэрызэтеуХуам кІэщІу кьиутеувыщІ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Кладько Игорь**.

КъБР-м узышагъэр хьумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир** теспэлъыхьащ щытыкІэ кьызэрымыкІуэм щІыхьэр ягъэлъэпхъуэн зэрыщІэнымкІэ, ерыскьыкІэ Ищхьэрэ ПІэ-м и гидротехникэ хуэунигъэхьэм ныкьуасанигъэ ягъуэт хьужькьуэрэ псыр кьиумэ, щыхуэхэр а щІыпІэм игъэлъэпхъуэным зэрыбгъэщІам теухуауэ кьэпсэльащ Щэрэдж районым администрацэм и тхьэмадзэм и къуэдзэ **Тогузаев Юсуп**.

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэхугъуэхэр кьыщІэзэгъэпэщыныр зэрызэтеуХуам кІэщІу кьиутеувыщІ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Кладько Игорь**.

КъБР-м и оперативнэ штабым и Іэтащхьэ **Надежин Михаил** щыщІэныгъэхэм кьыриІуауэ, ерыскьыкІэ кьызэрэгъэпэщымкІэ Іуэхуэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращІыпІэм, щІэнигъэхэм зэрыщІэнымкІэ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр зэрыщІэнымкІэ, Щэрэдж Ищхьэрэ ПІэ-м и гидротехникэ хуэунигъэхьэм ныкьуасанигъэ ягъуэт хьужькьуэрэ псыр кьиумэ, щыхуэхэр а щІыпІэм игъэлъэпхъуэным зэрыщІэщІам теухуауэ кьэпсэльащ Щэрэдж районым администрацэм и тхьэмадзэм и къуэдзэ **Тогузаев Юсуп**.

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэхугъуэхэр кьыщІэзэгъэпэщыныр зэрызэтеуХуам кІэщІу кьиутеувыщІ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Кладько Игорь**.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЗэІущІэхэр

ЗэфІагъэкІахэм арэзы къащІ

къэтхутащ. Ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын папщІэ, тхылъу 43-р яхуэттхащ, административнэ къуанщагъэ зыльэжьаХэм яхуэтхэзауэ протоколу 95-р дгъэхьэзыращ, зэранщІакІуэу 94-р жэуапым етІэнІащ, сом мин 83,7-кІэ детхьэкъуащ. Къищынэмыщ1ауэ, щхьэзыфІэфІхэм сом мелуани 2,5-р едгъэшынын щхьэкІэ, республикэм и хабзэхьумэ Іэнатіэхэм Іуэху 7 еттащ, - кьыхигъэщащ къэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэм. - Мэзымкі я законодательствэм кьызэригъэувам тету едгъэкІуэкІа аукционхэм япкъ иткІэ, гектар 1417-м щІигъу зыубыд, мэз Іыхьэу 119-рэ зэгурыІуэныгъэ зыхудилэхэм бдджэнду еттащ. Абыхэм ящыщу гектар 56,83-м зыгъэпсэхупІэхэр щаухэнущ, 455,4-м мэкъумэш къэкІыгъэхэр щагъэкІынущ, 94,8-м мэз шхынигъуэхэмрэ уда хущхъуэхэмрэ щагъэхьэзырынущ, 721,4-м щІэнигъэкъутэнигъэ, хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ, гектар 81,3-м мэз плантацэхэр щыхэрахьэнущ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри зэфІагъэкІынущ. ЗэгурыІуэныгъэхэм ящыщу 109-р къэралым ирагъэтхащ, мэзхэр зэрызрахьэнымрэ теухуа проект 48-рэ къащтащ, адрей 15-м иджыпсту хоплъэ. Мэзхэр кьызэрагъэсэ

Зи пшынэ бзэрабзэмкIэ псэр зыгъэгуфIэ

УФ-м, КъБР-м я цIыхубэ артисткэ Къашыргъэ КIурацэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу

Макъамэтх Iэщ1агъэм зезыгъэужьа

Пасэ зэманым щыщIэдзауэ адыгэ дзэпкъым кьыдогъуэгурыкIуэ макъамэр, пэжыгъэм зэрыгъэлъэщ къарууэ, гуфIэгъуэр екIуу ирыдихыу, зыгъэпсэхугъуэм деж и гукъыдэжыр къриIэту. Ар кьуэщ нарт эпосым, Ашэмэз игъэбзэрабзэ бжьамиим щыхуэхэм насып къахудокIуэ, макъамэм дунейр зэрыдзэпсIэращэм и щыхьэту, абы зэрепщэу щIым и хъугъуэфIыгъуэхэр сэтей кьохъу. мамырыгъэр щытепщэ дунейр зэщIогъагъэ.



УэРЭДЖЫIАКIУЭХЭМ джэгуакIуэхэм, музыкантхэм щыгубзор хуагасэ зэрыгъэпсыгъуэ лъагэуным, кьызыхэкIа лъэпкъым, абы и тхыдэм, и гуащIэм пщIэ хэущIыным. Адыгэ лъэпкым кьызэкIащ макъамэ Iэмэпсымэ зэмылIыжьыгъуэзэм гъуэзэджэу еуэ, щIыхубэ уэрэдэр зыгъэзащIэщIыху гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэущ, псалъэм папщIэ, усакIуэ икIи иЩэ уэрэджьыIакIуэ Папщ1э Бэчмырзэ, уэрэдус икIи джэгуакIуэ Хъэхъупащ1э Амыкъан, Къэжэр Индрис, нэгъуэщI куэдИ. Абыхэм ящыщ зыщ и зэфIэкIкIэ ди къэралым и щIыпIэ куэдым кьыщащIыхуауэ щыта, Къэбэрдейм и макъамэ хуэмдзэм псэуху хуэлажьэ, РСФСР-ми КъБАССР-ми я щIыхубэ артисткэ, пшынауэ Iэзэ Къашыргъэ КIурацэ.

КIурацэ Къуэшырыкъуей (иджы Кэнжэ) къуажэм 1901 гъэм, пхъащIэ Тамбий Исмэхьилрэ унэгуащIэ Пэщхьанрэ я унагъуэм кьыщалъхуащ. Зэрыкубийрэ ар лъэпкъ макъамэхэмрэ кьафэхэмрэ дахьэхьырт. КIурацэ и адэр щIэхщIэхьыурэ Напшык кIуэрт, зэрыштэжьи Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр бэзэрым кьыщищэхун папщIэ, накьыгъэ шыгъажьхэм епльыну, и къуэхэри гъуэ щищ щыIэ. Исмэхьилрэ я дапъхуэхэмрэ якIолъыпIуу пщIантIэм кьыдэнэ хьыджэбзхэр бгым дэкIуейрт, Напшыкрэ абы щекIуэкI шыгъажьэмрэ жьыжьу нэхъ мыхъуми зрагъэпъагъун папщIэ. Арщхьэкlэ уэн хужь зыгъэ фIэкIа я нэм кьнубыдыртэкьым. Зэшыпхъухэм кьуэкIуэнэжрати, я зэш трагъэууэ уэрэдхэр жаIэрт, кьафэрт. Абдежым щегъэжьауэ нэрылъагъурт КIурацэ зэчий зэрыбгъэдЪыщ, зэ фIэкIа зэхимыхьуу уэрэдхэр, пшынатIэр и гум ирибыдэрт.

